

# CHÈCHE SWEN MEDIKAL APRE SB 1718



Kon Lwa  
yo

Apati 1 jiye 2023, lopital ki aksepte Medicaid dwe mande pasyan yo estati imigrasyon yo le yo admèt yo nan lopital la oswa ale nan Depatman Ijans. Espesyalman, fòm lopital yo pral mande pasyan yo pou yo endike si yo se yon sitwayen ameriken oswa si yo preznan legalman Ozetazini, oswa si yo pa preznan legalman Ozetazini. Nenpòt moun—kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon—ka refize reponn kesyon sa a.

Lopital yo dwe bay leta Florid rapò chak trimès ki espesifye konbyen moun ki te vizite Depatman Ijans yo oswa ki te admèt nan lopital yo epi bay estatistik total konsènan konbyen moun ki endike : (a) yo se sitwayen ameriken oswa yo preznan legalman Ozetazini; (b) yo pa preznan legalman Ozetazini; oswa (c) te refize reponn. Rapò sa yo p ap genyen okenn enfòmasyon pèsonèl ki identifye pasyan yo.

**Ou ka epi ou ta dwe toujou chèche swen medikal si ou bezwen li.** Lwa sa a pa bay lopital dwa pou yo refize nenpòt moun swen, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Li pa pèmèt lopital bay otorite imigrasyon yo enfòmasyon sou pasyan yo.

Kon dwa  
ou

Pwoteje  
tèt ou

**Ou pa oblige bay lopital enfòmasyon sou estati imigrasyon w.** Nenpòt moun ka refize reponn kesyon sa a—si ou se yon sitwayen, kit ou pa gen papye oswa ou gen yon estati imigrasyon diferan. Epi repons ou—oswa refize reponn—pa kapab afekte swen medikal ou resevwa a.